Avi sou enfòmasyon ki nan anyè 2025 -2026 la ak fòm refi (Opt Out)
pou *National Student Clearinghouse (NSC)*

Dapre lwa edikasyon sou dwa ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), yon lwa federal, NYCPS pa ka devwale okenn enfòmasyon ki idantifye yon elèv san konsantman. Sepandan, gen kèk enfòmasyon yo rele "enfòmasyon anyè", yo ka pataje san konsantman. **NYCPS pataje enfòmasyon nan anyè avèk National Student Clearinghouse (NSC) pou yo ka aprann plis sou edikasyon apre segondè elèv li yo. Enfòmasyon ki nan anyè yo pataje se non ak dat nesans elèv ki te kòmanse klas 9yèm ane an 2025-2026, ak tout lòt elèv ki te nan lekòl segondè NYCPS ant 2002 ak 2025.**

NSC gen done kote elèv ale nan kolèj ak ki tip diplòm yo resevwa nan plis pase 3600 kolèj ak inivèsite. NSC itilize enfòmasyon ki nan anyè NYCPS a pou l idantifye ansyen elèv NYCPS ak pou bay NYCPS enfòmasyon sou kote elèv sa yo te ale nan kolèj, kilè yo te ale nan kolèj, kilè yo te gradye ak ki tip diplòm yo te resevwa. NYCPS itilize enfòmasyon sa a pou ede konprann ak amelyore preparasyon ak siksè elèv pou kolèj.

Kòman pou refize yo pataje enfòmasyon elèv ou a ki nan anyè avèk NSC.

Sof si ou chwazi pou w pa patisipe (opt-out), NYCPS ap bay NSC non, nivo klas ak dat nesans pitit ou a. Si ou ta renmen chwazi pou ou pa patisipe, tanpri suiv eksplikasyon ki pi ba yo:

1. Ranpli fòm sa a **pa pita pase vandredi 13 fevriye 2026**, epi voye li bay direktè lekòl pitit ou a. Si w gen plis pase yon timoun nan sistèm lekòl NYCPS la, ou dwe voye yon fòm pou chak elèv.

2. Elèv ki gen laj 18 ane pou pi piti ki pa vle yo divilge enfòmasyon yo dwe ranpli fòm lan epi siyen l yomenm.

3. Si ou voye fòm sa a, yo p ap divilge enfòmasyon w amwenske ou vin anile refi (opt-out) w la. Si w vle anile yon opt out ou dwe ekri direktè lekòl pitit ou a(yo).

Kopi avi sa a ak fòm lan disponib nan lekòl pitit ou a, epi ou ka jwenn yo sou entènèt nan https://www.schools.nyc.gov/learning/student-journey/college-and-career-planning/national-student-clearinghouse-notice-and-opt-out-form. Tanpri kontakte lekòl la si w gen nenpòt kesyon sou fòm sa a.

*Tanpri ranpli fòm sa a epi siyen la a **sèlman si w vle opt out** pou yo pa bay National NSC enfòmasyon:*

- ☐ Mwen menm elèv yo site pi ba a, mwen gen pou pi piti laj 18 ane. Mwen PA vle yo bay NSC non m, klas m ap fè ak dat nesans mwen.
- ☐ Mwen se paran/responsab elèv ki gen non li pi ba a, ki poko gen laj 18 ane. Mwen PA vle yo bay NSC non, klas ak dat nesans pitit mwen an.

Siyati paran/responsab la si elèv la poko gen laj 18 ane: _____

Siyati elèv la si l gen laj 18 ane pou pi piti: _____

Antre enfòmasyon elèv la pi ba a:			
Non elèv la:	**OSIS#:**	**Klas:**	**Dat nesans (MWA/JJ/ANE):**
Non paran/responsab:	**Non lekòl (ak Borough):**		